

KOMINIKASYON PIBLIK OTORITE MINISIPAL LA POU MOBILIZE RESÈT FISKAL YO

Retounen sou esperyans ki te fèt nan Sidès an Ayiti

Fich sa a prezante yon retou sou esperyans nan aspè "kominikasyon piblik" otorite minisipal yo nan demach sou mobilizasyon fiskal yo.

Sse te enpòtans yo ki te motive chwa pou yo pwofite omaksimòm aktivite kominikasyon sa yo, paske objektif la se pou popilasyon an - sitou sitwayen ki pi rekalsitran yo nan peye taks, epi pafwa ki gen dout sou legalite ak lejitimite yo - pran konsyans peye taks se devwa sitwayen yo.



Esperyans ki prezante isit la se Pwogram Apui pou yon Gouvènans Desantralize (PAGODE) biwo Koperasyon Lasuis an Ayiti ki finanse l, soti 2019 rive 2023, epi se konsòsyòm CROSE-GRAMIR-ID-IRAM-ITECA ki mete l an aplikasyon. Pwogram la te vize, anpatikilye, yon planifikasyon patisipatif tout aktè gouvènans lokal yo dekwa pou yo rive reyalize investisman ki efikas nan teritwa yo.

Pou ankouraje otonomi komin yo ak investisman lokal, yon gwo objektif se kontribye nan **ogmante reset komin yo**.

Alaverite, minisipalite yo ap fè fas ak yon mank resous (anpatikilye pwòp resous yo) pou mennen aktivite yo byen, pami yo kapasite pou ofri sitwayen/sitwayèn yo sèvis ki esansyèl yo epi pou yo vin pi aktif nan devlopman teritoryal la. Se poutèt sa li enpòtan pou aktivite kolèk taks la fèt pi byen ak piplis.


Demach mobilizasyon fiskal sa a enskri nan lojik Leta ayisyen sipòte atravè **Pwogram amelyorasyon finans piblik minisipal (PRAFIPUM)** la, pwogram Ministè Enteryè ak Kolektivite Teritoryal (MICT) ki fikse kad legal ak metodolojik mobilizasyon fiskal la an Ayiti.

Demach la te egzekite sou yon baz esperimantal nan sis komin nan depatman Sidès la anba lidèchip MICT la nan kad yon patenarya ant Meri yo, Asosyasyon Majistra Sidès la (AMASE), CROSE, ID ak pwogram REGLEAU (li menn tou ki se yon patnè Koperasyon Lasuis).

Prensipal aksyon ki te reyalize piti-piti se te sa ki pi ba yo :

- Kreyasyon baz done (katografi, byen imobilye, lis kontribyab) anvan kolèk taks la;
- Elaborasyon ak aplikasyon yon plan kominikasyon;
- Fòmasyon ajan ak responsab sèvis fiskal nan komin yo epi anketè;
- Resansman (ki gen ladan l anketè);
- Prepare ak fè kolèk bòdwo pou vèsman kotizasyon/taks.

Diferan etap mobilizasyon fiskal la parèt nan tablo ki pi ba a epi yo prezante sou tout longè fich la.



Prezantasyon sentèz ki reyalize nan kad yon atelye ki montre aktivite ak aktè ki konsènen yo pou chak etap : Planifikasyon – Fòmasyon – Resansman – Pre-likidasyon – Rekouvremant.

Soti nan definisyon pwosis la rive nan fòmasyon ak difizyon mesaj yo

Yon bon **planifikasyon depi nan kòmansman** reprezante yon etap ki enpòtan pou pwosis mobilizasyon fiskal la reyisi abouti. Desizyon an pran pou enfòm, konsilte epi chita pale ak aktè ki pi enpòtan yo dekwa pou yo ka idantifye resous ki disponib yo, prepare kalandriye aktivite pou diferan etap mobilizasyon fiskal la epi kominike jan sa dwa ak popilasyon an.

Aktè kle pandan tout pwosis la se sa ki suiv yo: konsèy kominal, sèvis fiskal, Ajans Lokal Enpo (ALI – yon sèvis dekonsantre nan Direksyon Jeneral Enpo (DGI) ki kolekte enpo ak taks pou Leta ak kolektivite teritoryal yo), lajistis, lapolis, medya kominotè, asosyasyon medya, lidè relijye (pè, pastè, ougan), kontribyab/popilasyon, chanm komès.

Otorite kominal la te adopte kèk dokiman administratif (dekrè, sikilè, elatriye), rankont kominotè ak emisyon radyo te fèt anvan lansman kanpay mobilizasyon fiskal la.

Mesaj konsyantizasyon an, ki envite moun peye taks ak enpo, dwe gaye toupato (lekòl, mache, legliz, elatriye) epi toutan. Sa rete pi bon estrateji pou aplike pou sansibilize popilasyon an sou wòl sitwayen yon kontribyab ki, lè li peye taks/enpo li yo, kontribye nan devlopman vil li epi li gen dwa jwenn sèvis piblik ak enfòmasyon sou kondisyon sèvis sa yo bay ak depans yo.

Kominikasyon nan chak etap

Kominikasyon an pwolonje pandan tout ane a epi se administrasyon kominal la, anba lidèchip majistra a, ki asire l. Kèk mesaj piblisite dwe reyalize annakò ak

chak etap nan egzèsis la epi selon reyalitye a epi lidèchip minisipal la.

Etap fòmasyon ak enfòmasyon

Dabò, yo te rekrute moun ki pral vin resansè/anketè yo. Fòmasyon pou anplwaye meri a, anpatikilye kad ekzekitif sèvis fiskal ak ajan anketè yo, te reyalize. Yo te mande patisipasyon pèsònèl ALI pou yo ka tonbe dakò sou dewoulman pwosis la. Annapre, chak meri te:

- adopte epi pibliye yon dekrè kominal (ki reprezante yon kominikasyon administratif) ki dekri objektif jeneral mobilizasyon fiskal la, wòl ajan meri yo ak bezwen yo genyen pou fè travay yo byen;
- voye bay responsab ALI yo yon nòt administratif enfòmasyon ak envitasyon ki souliyen jan meri ak ALI youn kapab sèvi epi konplete lòt la.

Etap resansman an

Yon faz ki esansyèl men ki konplèks! Resansman an se kolòn vètebral mobilizasyon fiskal la. Preparasyon ak deplòtònman resansman an mande pou kominikasyon an fèt byen, sitou ak popilasyon an, pou prevwa epi anpeche enkonpreyansyon ak mekontantman pami kontribyab yo ak kominote a anjeneral.

Pou fè resansman an nan pi bon kondisyon posib (akèy favorab), li endispansab pou avèti popilasyon an/kontribyab yo davans: kominikasyon se yon etap ki nesesè pou lanse resansman an!

Nan kontèks sa a, li nesesè pou mobilize **kanal kominikasyon** sa yo:

- Rankont kominotè ak odyans piblik
- Radyo kominotè (emisyon, piblisite)
- Afich (flayè, bandwòl)
- Moun k ap bay enfòmasyon sou pòtvwa, nan espas piblik
- Rezo sosyal yo (*facebook, instagram*)
- Youn di lòt.

Akòz repitasyon enstitiyonèl yo, se rankont kominotè yo, piblisite ak emisyon radyo yo ki pi efikas.

Kèk mesaj ki te difize :

« *Resèt fiskal la se poumon komin nan.* »

« *Ann kontribye pou komin nan vanse.* »

Pou fè resansman an byen, anketè yo deplòtonnen bò kote kontribyab yo; yo fè kolèk epi antre done. Apre sa, done yo trete epi Tribinal depè a fè yon kontwòl kalite.

«*Pi bon fason an se gen yon kat tout teritwa a epi fè resansman nan tout kay yo. Nan sans sa a, mwen tou pwofite plede anfavè yon travay resansman k ap fèt toutan, san rete.* » Konsèy pratik yon ajan ALI.

Etap pre-likidasyon / pwodiksyon bòdwo

Li konsènen evalyasyon byen imobilye, swa se kontribyab la li menm ki fè l atravè yon sistèm deklarasyon, oswa se sèvis fiskal nan meri a. Misyon sèvis minisipal yo dwe byen òganize pou kreye yon anviwònman ki favorab pou kominote ak fwaye yo akèyi anketè yo byen.

Mesaj enpòtan pou popilasyon an : « *Pou komin nan bay sèvis debaz yo, ki esansyèl pou lavi chak jou ak pi bon kondisyon lavi, patisipe nan peye enpo komin nan.* »

Anplis sansibilizasyon alentansyon kontribyab yo atravè radyo, sèvis fiskal la prepare epi enprime bòdwo yo, akeyi kontribyab yo, ansuit asire verifikasyon ak siyati bòdwo yo, epi enfen livrezon ak klasman yo.

« *Yon konsèy: Mete nan fòm evalyasyon bilding lan peman matrikil fiskal pou kontribyab la paske li se yon eleman esansyèl nan peman CFPB a ak Patant*

lan. » Yon konsèy pratik ki soti nan ALI.

Aktivite ki te reyalize yo te mennen, selon esperyans PAGODE, nan yon ogmantasyon pousantaj emisyon yo, depi sou avi kotizasyon rive nan likidasyon.

Etap rekouvremant/likidasyon

Faz sa a enplike yon bon kolaborasyon/sinèji ant sèvis fiskal meri a ak ALI. Pa egzanp, li enpòtan pou kalandriye yo koresponn dekwa pou avi kotizasyon yo disponib alè nan ALI.

Pou kolèk taks la reyisi, li nesèsè pou voye bay kontribyab yo, nan adrès kay yo, avi evalyasyon an (ki prepare alavans), avi ki egzije yo peye, epi, si sa nesèsè, lèt dènve avètisman an.

Pami **kanal kominikasyon** yo, anplis moun k ap bay enfòmasyon sou pòtvwa, piblisite sou radyo kominotè, reyinyon kominotè, ak kole afich nan espas piblik yo, li rekòmande pou fè:

- rankont endividyèl (pa egzanp lè yo pase de-kay-an-kay);
- **odyans piblik pou meri a prezante bilan l sou aktivite ki reyalize pandan ane a.** Prezantasyon sa a pèmèt popilasyon an konprann nan ki sa ak ki jan yo sèvi ak lajan kontribyab yo bay lè yo peye enpo ak taks.

Efò sa a meri a fè, atravè ranfòsman kominikasyon li, amelyore konfyans ant meri a ak kontribyab yo epi konsolide relasyon amikal/kòdyal ak kontribyab yo.

Mesaj enpòtan pou kontribyab yo : «*Patisipe nan odyans piblik la; ou pral kapab ajè ak vijilans sou kalite sèvis piblik yo, mande transparans nan jesyon depans piblik yo epi pou Meri a rann popilasyon an kont sou jesyon sa a.*»

Anfen, likidasyon an se travay ALI ki responsab pwodui avi kotizasyon yo nan kolaborasyon ak sèvis fiskal meri a.

Yon kolaborasyon sitwayèn

« *Mwen te viv aletranje pandan 42 lane, epi mwen te abite nan yon komin ki gen 500 moun otonòm ladan l. Kidonk, mwen abitye peye taks. Lè m tounen nan La Vallée Jacmel, mwen te ale nan meri a pou chèche konnen kisa pou m peye.* » Temwayaj yon kontribyab

Kalite sitwayen angaje sa a ta dwe idantifye nan komin nan pou meri a kapab gen kèk alye nan sosyete sivil la. Lè ou konte sou kontribyab ki aktif epi ki gen

yon bon repitasyon nan kominote a pou yo patisipe nan kanpay konsyantizasyon ak motivasyon popilasyon an, sa pèmèt ou “preche ak legzanp”.

« *Yo konn di pito ou an kontravansyon ak lame pase ak otorite fiskal yo! Kidonk, mwen peye chak ane: pafwa nan kòmansman ane fiskal la, oswa pafwa tou mwen tann nan fen peryòd la (dènye jou mwa mas).* » Temwayaj yon kontribyab

Rekòmandasyon pou mizannèv zouti ki menm ak sa yo

- Kominike/ bay piblik la rezilta resèt fiskal yo (transparans);
- Idantifye, yon jan ki demokratik epi nan tèt ansanm, pwojè a (yo) ki ta dwe reyalize ak resèt kominal yo epi founi popilasyon an sèvis debaz yo;
- Bay anketè ak ajan meri yo pyès ki pèmèt popilasyon an idantifye yo tousuit (badj, mayo);
- Toujou fè verifikasyon enfòmasyon ki kolekte yo epi asire yo konplè;
- Devlope plis kolaborasyon ant sipèvizè ak anketè yo nan resansman an;
- Gen bon kalite materyèl ak founiti travay epi asire enfòmatisasyon ALI (sa nesesè pou bon dewoulman mobilizasyon fiskal la);
- Konsolide relasyon ki egziste ant aktè ki pi enpòtan yo epi asire yon pi bon reprezantasyon DGI nan nivo komin nan;
- Meri a dwe genyen anplwaye ki konpetan, ki pasyan epi ki kapab travay byen ak moun kèlkeswa orijin yo (andeyò, lavil) pou ankouraje yo peye taks yo epi kenbe motivasyon ajan fiskal yo ;
- Fè espòt piblisite ki mache ak chak etap egzèsis la, rann yo popilè atravè estasyon radyo kominotè yo, sèvi ak *Sound Truck* (motosiklèt ak spikè) pou kominike ak popilasyon an pandan tout ane fiskal la.